


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan hartina rarancang bagan anu deskripsikeun langkah-langkah panalungtikan. Desain dina rarancang panalungtikan udaganana keur ngalakonan panalungtikan tepi ka meunangkeun hiji logika. Gambar dihandap mangrupa bagan tina ieu panalungtikan.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Méthode Panalungtikan

Panalungtikan ieu seja diguar ngagunakeun pamarekan kualitatif. Pamarekan kualitatif numutkeun Semi (1990, kc. 23) dilakonan tan ngutamakeun kana angka-angka, tapi ngutamakeun kana pamahaman anu jero kana interaksi antarkonsep anu ditalungtik kalawan empiris. Pamarekan kualitatif neueulkeun panitenan kana data alamiah, data anu aya patalina jeung konteks kaayaanana. Éta hal anu ngabalukarkeun pamarekan kualitatif dianggap minangka multi métode duméh panalungtikanana ngalibetkeun sajumlahing gejala sosial anu rélevan. (Ratna, 2013, kc. 47). Panalungtikan kualitatif nembongkeun *perspektif fenomenologis* anu hartina panalungtikan anu ngagunakeun ngagunakeun *perspektif fenomenologi* pikeun ngama'naan hiji kajadian sarta interaksi manusa dina hiji situasi (Semi, 1990, kc.26).

Semi nembrakeun (1990, kc. 27) panalungtikan kualitatif luyu dilarapkeun kana hal anu patalina jeung masalah kultur jeung ajén inajén, saperti sastra. Panalungtikan sastrtia dianggap panalungtikan kualitatif sabab sastra mangrupa salasahiji wangun karya kréatif, anu wangunna sok robah sarta teu angger (*einmalig*), anu kudu diinterpretasi. Anapon aya sababaraha ciri pamarekan kualitatif diantarana bae: (1) méré paniténan utama kana ma'na jeung pesan luyu kana hakékat objék, nya éta studi kultural; (2) leuwih ngutamakeun prosés batan hasil panalungtikan tepi ka ma'na remen robah; (3) taya jarak antara subjék panalungtik jeung objek panalungtikan, subjek panalungtik minangka instrument utama, tepi ka karandapan interaksi langsung; (4) desain panalungtikan jeung kerangka panalungtikan sipatna samentara lantaran panalungtikanana sipatna terbuka; (5) panalungtikanna alamiah, karandapan dina kontéks jeung sosial budayana séwang-séwangan (Ratna, 2013, kc. 47-48).

Métode anu dilakukeun dina ieu panalungtikan nya éta métode dekriptif analitik dina karya sastra anu nyoko kana pamarekan kritik sastra féminisme anu dilakonan ngaliwatan cara ngadeskripsikeun fakta-fakta dituluykeun kana analisis. Ieu métode dipaké pikeun ngadeskripsikeun idéologi génder sarta kateuadilan génder anu nyampak dina karya sastra anu mangrupa carpon *Nu Harayang Dihargaan* sarta baris dianalisis dumasar kana interpretasi panalungtik.

3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta studi pustaka. Ieu téhnik digunakeun boh nalika ngumpulkeun data nu baris dianalisis boh nalika néangan sumber tur tiori anu dijadikeun dadasar dina ieu panalungtikan.

3.3.2 Téhnik Ngalalisis Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan dimimitian kucara ngawincik data-data dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan*, satuluyna masalah-masalah nu aya dipedar dina wangun pedaran. Léngkah-léngkah atawa tahapan téhnik ngolah data sakumaha anu ditétélakeun ieu di handap.

1) Tahap Déskriptif

Dina ieu panalungtikan anu mimiti didéskripsikeun nya éta eusi tina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan*, dina wangun sinopsis. Dina tahap déskriptif nya éta sakabéh data anu geus kakumpul dipatalikeun jeung masalah nu rék ditalungtik tuluy diayakeun tahap déskripsi jeung idéntifikasi.

2) Tahap Klasifikasi

Data nu geus didéskripsikeun tuluy diklasifikasi luyu jeung masalah séwang-séwangan. Sabada kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* ditulis sinopsisna, diklasifikasikeun dumasar unsur caritana .

3) Tahap Analisis

Ngayakeun analisis kana data anu geus diklasifikasi dumasar kelompokna séwang-séwangan dumasar tiori anu luyu jeung panalungtikan. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kritik sastra féminisme museurkeun kana idéologi génder saban tokoh anu engkéna jadi dadasar atawa bahan pikeun analisis idéologi génderna.

3.3.3 Interpretasi Data

Sanggeus data dianalisis, didéskrripsikeunm satuluyna data di interpretasi. Ieu interpretasi dipaké nalika ngagambarkeun idéologi génder anu katembong tina tokoh anu aya dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan*, ogé kateuadilan génder anu karandapan ku tokoh wanoja anu aya dina éta carpon, hasil analisis data pikeun ngahontal papahaman anu luyu jeung tujuan panalungtikan. Lampah satuluyna, ngecék ulang kana hasil analisis data pikeun ngamutolaah bebeneranana, nepi ka bisa méré hasil anu hadé tur bisa dipertanggungjawabkeun

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nya éta pakakas anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data. Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta format buku, kartu data, tabel data, sangkan babari dina ngumpulkeun data panalungtikan.

1) Format Buku



| No. | Judul Buku | Keterangan | |
|-----|------------|------------|------|
| | | Sastra | Basa |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |

2) Tabel Data

| No | Ngaran tokoh | Idéologi Génder | | | |
|----|--------------|-----------------|---------|--------------|------|
| | | Patriaki | Ibuisme | familialisme | Umum |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |

3) Kartu data Idéologi génder

Kartu data Kateuadilan Gender




3.5 Sumber Data

Sumber data tina ieu panalungtikan nya éta Kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* karya Darpan. Ari data anu seja diguar dina ieu panalungtikan nya éta ébréhan pangarang dina karyana anu nembongkeun idéologi génder anu ngawengku idéologi patriaki, familialisme, ibuisme jeung umum. Lian ti kitu lampah katideresa anu karandapan ku tokoh wanoja dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan*.

Dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* aya lima belas carpon anu ngawengku: (1) ‘Nu Ceurik dina Lahunan’; (2) ‘Langit Leubeut ku Béntang’; (3) ‘Taleus Ateul’; (4) ‘Cikopi Sagelas’; (5) ‘Mulang’; (6) ‘Nu Harayang Dihargaan’; (7) ‘Ibu Guru’; (8) ‘Saméméh Komat’; (9) ‘Patung jeung Hayam’; (10) ‘Layung Geus Ririakan’; (11) ‘Helikopter’; (12) ‘Nu Luas ninggalkeun’; (13) ‘Peuting Nu Hareudang’; (14) ‘Ada Main’; (15) ‘Si Ato Miara Jago’. Teu sakabéh carpon anu aya dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* anu séja diguar

dina ieu panalungtikan, tapi ukur sababaraha carpon anu dianggap nembongkeun idéologi génder jeung kateuadilan gender anu karandapan ku wanoja dina éta buku. Sampel carpon anu dianggap bisa nembongkeun idéologi génder jeung lampah kateuadilan gender dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* nya éta: (1) ‘Nu Ceurik Dina Lahunan’; (2) ‘Langit Leubeut ku Béntang’; (3) ‘Mulang’; (4) ‘Nu Harayang Dihargaan’; (5) ‘Ibu Guru’; (6) ‘Patung jeung Hayam’; (7) ‘Peuting Nu Hareudang’; jeung (8) ‘Si Ato Neang Jago’.



Gambar 3.1 Cover Kumpulan Carpon *Nu Harayang Dihargaan*

3.5.1 Déskripsi Kumpulan Carpon *Nu Harayang Dihargaan*

Buku kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* mangrupa salasahiji karya Darpan anu medal dua kali. Citakan anu munggaran nya éta medal dina bulan Desember taun 1998 anu dipedalkeun ku Rahmat Cijulang, sarta dipindo citak dina bulan Agustus 2011 ku Penerbit Mataair tur didistribusikeun ku PT Kiblat Buku Utama. Buku kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* kungsi dileler pangajen Rancagé dina taun 1999. Lian ti kitu, aya salasahiji carpon dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* nu judulna Patung jeung Hayam kasinugrahan pangajén minangka pinunjul ka dua Saémbara Ngarang Carpon 50 taun Indonésia Merdéka/ Hadiah Sastra D.K Ardiwinata taun 1995 anu dikokolakeun ku Paguyuban Pasundan, *Manglé* jeung, *SKM Galura*.

Carpon anu aya dina buku kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* saméméhna aya anu kungsi dimuat di kalawarta Sunda salasahijina nya éta

Manglé. Aya lima belas carpon dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* karya Darpan nya éta ‘Nu Ceurik dina Lahunan’; (2) ‘Langit Leubeut ku Béntang’; (3) ‘Taleus Ateul’; (4) ‘Cikopi Sagelas’; (5) ‘Mulang’; (6) ‘Nu Harayang Dihargaan’; (7) ‘Ibu Guru’; (8) ‘Saméméh Komat’; (9) ‘Patung jeung Hayam’; (10) ‘Layung Geus Ririakan’; (11) ‘Helikopter’; (12) ‘Nu Luas ninggalkeun’; (13) ‘Peuting Nu Hareudang’; (14) ‘Ada Main’; (15) ‘Si Ato Miara Jago’.

Kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* dipanganteuran ku Duduh Durahman anu ngabaladah carpon jeung kasangtukang Darpan salaku Pangarang. Kumpulan carpon anu saterusna bakal disebut NHD ngagambarkeun kahirupan masarakat biasa, dina kahirupan biasa, katut problematika has masarakat anu aya dina hambalan teu raharja. Basa anu dipaké dina NHD kawilang basajan, sakapeung garihal, sok komo diuwuhan ku basa wewengkon anu tangtuna ngeuyeuban idéntitas pangarang salaku bagéan tina masarakat di éta wewengkon. Latar tempat dina kumpulan carpon NHD karereana nyokot tempat di sabudeureun Karawang, kayaning Cilamaya, Cikampek jeung réa-réa deui. Lian ti tempat, wewengkon Karawang kagambar ku aspek sosial budaya katut kamasarakatan anu nyampak tina kumpulan carpon NHD kawas basa wewengkon anu katangén tina saban paguneman antar tokoh dina carpon, budaya dombret, pamayang, patani, kahirupan pasawahan turta kaayaan anu matak bayeungyang.

Mangsa orde baru anu karandapan dina kumpulan carpon nembongkeun masarakat jaman harita anu dikonstruksi ku ajén-ajén anu geus ditangtukeun ku pamarentah, kawas tokoh Dédéh dina carpon *Mulang* anu diusir ku tokoh agama di lemburna lantaran dianggap ‘nambangan deui’ duméh manéhna awéwé teu bener. Éta hal mangrupa méré label negatif ka wanoja anu mangrupa lampah katideresa anu dilakonan kalawan sistematis sabab mangrupa norma nu diwangun ku pamarentah jeung masarakat. Lian ti kitu, pasualan marginalisasi ka masarakat cacah katangén tina dieureunkeunana ibu guru ku pamarentah dumeh ngarusiahkeun kahirupanana anu katangén tina carpon *Ibu Guru*. Jejer gcarpon anu diangkat ku Darpan ngagambarkeun masarakat agraris anu walurat, miskin

sarta kaayaan anu matak prihatin. Tokoh-tokohna ngagambarkeun masarakat anu keur nandangan ‘ngahgar’ boh kaayaan alam jeung kaayaan batinna.

Darpan ngagambarkeun kahirupan masarakat di Karawang dina karyana. Lian ti dirina bibit buit urang Karawang tur ngarandapan kahirupan dina mangsa harita, jejer anu diangkat mangrupa pangalaman boh pribadi jeung batur janu katiten ku dirina tepika ngajanggelek karya anu dijudulan *Nu Harayang Dihargaan*.

3.5.2 Biografi Singget Pangarang

Darpan gumelar tanggal 4 mei 1970 di Sungaiula, wewengkon Cibuya, pasisian kalér Karawang. Gede dipilemburan anu masarakatna majemuk aya urang Sunda, Jawa, Batawi, jeung Tionghoa. Lulus ti SPG Negeri Karawang taun 1989, satuluyna nyuprih élmu di Jurusan Pendidikan Basa jeung Sastra Sunda IKIP Bandung (ayeuna Universitas Pendidikan Indonesia). Taun 1990, carpon jeung sajakna mimiti dimuat dina Koran Sunda *Galura* jeung majalah *Manglé*. sababaraha kali dilélér hadiah sastra LBSS keur carpon jeung sajak antara taun 1992 tepi ka 2007), kungsi meunang Hadiah Sastra D.K Ardiwinata ti Paguyuban Pasundan widang carpon jeung drama (1993-1996), opat kali meunang hadiah carpon bulanan majalah *Manglé* anu robah jadi *Uu Rukmana Award* taun 1995-2004. Taun 1999 kasinugrahan Hadiah Sastra Rancagé ti Yayasan Kebudayaan Rancagé keur kumpulan carita pondokna *Nu Harayang Dihargaan* (terbit taun 1998). Taun 2006 dilélér Hadiah Samsodi keur bukuna *Dongéng-dongéng ti Karawang* anu ditulis bareng jeung Yuhdiatna nu medal taun 2005, anu judulna diganti jadi *Syéh Kuro jeung Dongéng-dongéng Karawang liana* (Kiblat,2009). Buku karangan Darpan séjénna kaasup anu dina basa Indonésia, diantaranya baé *Goong Siluman* (1993), *Basa Sunda Urang* (1995), *10 Pelajaran untuk Wartawan* (2000), *Énsiklopedi Alit Garut* (2004), *Peperenian Urang Sunda* (bareng jeung Rahmat Taufiq Hidayat, spk., 2005), *Tatarucingan Urang Sunda* (bareng jeung Rachmat Taufiq Hidayat, 2007), *Seputar Garut* (2007), *buku pangajaran basa Sunda Lugina* (2008), *Wirahma Basa 1-3 keur SMP* (2009), *Kamus Sunda-*

Indonesia untuk Pelajar (2010), kumpulan carpon *Rusiah Kaopatwelas* (2008).
(Darpan, 2011 kc. 1)